



Pou Piblikasyon Imedya: 09/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE NOUYÒKÈ KI GEN 60 ANE AK SILA YO KI PI AJE AK TRAVAYÈ ESANSYÈL ADISYONÈL YO K AP FÈ FAS AK PIBLIK LA ELIJIB POU RESEVWA VAKSEN COVID-19 LA

Nouyòkè ki gen 60 ane ak sila yo ki pi aje ka pran vaksen an apati 10 mas

Anplwaye Gouvènman yo, travayè òganizasyon san bi likratif yo, ak travayè esansyèl nan sèvis batiman yo elijib pou vaksen COVID-19 la apati 17 mas

Yo elaji elijibilite distribisyon vaksen an; tout founisè yo eksepte famasi kapab vaksine nenpòt Nouyòkè ki elijib apati 17 mas; Famasi yo ka Vaksine sila yo ki gen 60-plis ane ak pwofesè yo dapre konsèy federal la apati 10 mas

Nouyòkè yo ka pran randevou nan sit vaksinasyon eta yo lè yo itilize zouti ['Èske Mwen Elijib'](#) New York la oswa lè yo rele 1-833-NYS-4-VAX

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon nouvo ekspansyon elijibilite vaksen COVID-19 la nan New York. Apati 10 mas, tout Nouyòkè ki gen 60 ane oswa plis pral kalifye pou resevwa vaksen an, pandan ke travayè esansyèl yo nan antite gouvènman ak òganizasyon san bi likratif yo k ap fè fas a piblik la pral elijib apati 17 mas. Ekspansyon sa a gen ladan tou travayè esansyèl nan sèvis batiman piblik yo.

Anplis de sa, Gouvènè a te anonse ke avèk ogmantasyon apwovizyonman pou vaksen an, yo pral lache restriksyon konsènan ki segman nan popilasyon ki elijib la ke founisè espesifik yo ka bay vaksen pou alinye ak elijibilite ki elaji a nan dat 17 mas la. Anvan sa, yo te mande kèk founisè pou konsantre efò vaksinasyon yo sou popilasyon espesifik yo pou asire distribisyon vaksen ekitab. Pa egzanp, lopital yo te vaksine travayè swen sante yo, depatman sante lokal yo te vaksine travayè esansyèl yo epi famasi yo te vaksine Nouyòkè ki gen 65 ane oswa plis yo. Kounye a, founisè yo pral kapab vaksine nenpòt Nouyòkè ki elijib, eksepte famasi yo, ki pral konsantre sou moun ki gen plis pase 60 ane ak pwofesè yo, an konfòmite ak politik federal la. Famasi yo ka kòmanse vaksine moun ki gen plis pase 60 ane ak pwofesè yo nan dat 10 mas. Kòm yon pati nan efò sa a, yo ankouraje founisè yo vaksine Nouyòkè sa yo ki gen plis risk, tankou moun ki gen 60 ane oswa plis ak moun ki gen pwoblèm sante kwonik yo ak maladi ki akonpanye yo.

"New York ap bouje nan direksyon pou elaji aksè ak vaksen COVID-19 la, adrese kominote defavorize yo ak mete piki nan bra yo pandan n ap ranvèse tandans nan

batay kont viris sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Apwovizyonman ap ogmante piti piti epi nou ap ouvri nouvo sit vaksinasyon ak elaji elijibilite pou koresponn ak li. Nouyòkè ki gen plis pase 60 ane ak sila yo ki sèvi Nouyòkè parèy yo nan sektè piblik la pi vilnerab a COVID-19 la, epi n ap adrese vilnerabilite sa a lè nou bay aksè ak vaksen an. Batay kont bèt COVID la ap kontinye sou tout fasad, epi nou ap pouse to enfeksyon an desann pandan n ap ogmante vaksen nou an."

Anba nouvo ekspansyon kalifikasyon sa a, travayè esansyèl sa yo pral elijib kounye a pou yo kòmanse resevwa vaksen COVID-19 la nan dat 17 mas:

- Anplwaye gouvènman ak piblik yo k ap fè fas ak piblik yo
- Travayè òganizasyon san bi likratif yo ki bay sèvis piblik pou Nouyòkè ki nan bezwen yo
- Travay esansyèl nan sèvis batiman an pèsòn k ap fè fas ak piblik la

Sa gen ladan travayè yo tankou anplwaye travo piblik yo, ajan sèvis sosyal ak sèvis timoun, enspektè gouvènman yo, travayè sanitasyon, travayè DMV, Grefye Konte yo, travayè sèvis batiman yo ak travayè eleksyon yo - ewo chak jou yo ki toujou prezan jou apre jou pandan tout pandemi sa a.

Gwo rezo distribisyon ak gran kantite popilasyon moun ki elijib New York yo lajman depase kantite apwovizyonman ki soti nan gouvènman federal la. Piske founiti sa a limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

Prezidan CSEA a, Mary E. Sullivan te deklare, "Depi nan kòmansman pandemi sa a, travayè piblik esansyèl ki devan liy yo te riske pwòp sekirite yo ak sekirite fanmi yo pou asire gouvènman eta ak lokal nou yo kontinye bay sèvis ki nesèsè pou tout Nouyòkè yo. Nou kontan tande tout travayè sa yo pral elijib pou vaksen an. Yo merite pou yo pwoteje yo pou New York ka re-ouvri konplètman epi san danje".

Prezidan AFL-CIO, Mario Cilento, te deklare, "Travayè esansyèl nou yo te devan liy yo depi nan kòmansman pandemi sa a pou asire kominote nou yo ka kontinye fonksyone nan mitan kriz sa a. Pandan ke anpil travayè esansyèl te deja pran vaksen an, kounye a se moman pou asire yo pwoteje rès moun yo ki pral travay chak jou ak kominike avèk piblik la kont viris sa a epi kenbe tèt yo ak fanmi yo an sekirite. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li elaji elijibilite vaksen an pou plis travayè esansyèl menm ki fè fas ak piblik la e pou efò kontinyèl eta a pou vaksine chak New Yorkè".

Prezidan 32BJ SEIU an, Kyle Bragg te deklare, "Nou bat bravo pou Gouvènè Cuomo paske li ajoute travayè sèvis batiman yo nan lis elijibilite vaksen an. Travayè sèvis batiman yo te pwoteje vil la pandan pandemi an epi kounye a yo pral jwenn pwoteksyon yo bezwen pou yo rete an sekirite. Travayè sèvis batiman yo tankou anplwaye pòt yo, sipè yo, netwayè yo, ofisye sekirite yo, jesyonè rezidan yo, pòtè yo te ede Nouyòkè yo pou travèse pandemi an epi li enpòtan anpil pou rekiperasyon vil la. Sante ak sekirite yo marye ak sante ak sekirite vil la".

Direktè Egzekitif DC 37 la, Henry Garrido te deklare, "37 manm nan Konsèy Distri a mete lavi yo sou liy lan chak jou pou bay sèvis esansyèl ke Nouyòkè yo konte sou yo. Pwòpòzite travayè nou yo pou elijibilite vaksen an se yon bon bagay pou nou fè, li kenbe yo, fanmi yo ak kominote yo an sekirite. Mwen bat bravo pou ekspansyon sa a".

Harry Nespoli, ki se Prezidan Uniformed Sanitationmen's Association Local 831 IBT, te deklare, "Nou te nan kominikasyon konstan ak biwo gouvènè a sou pwoblèm sa a epi nou kontan anpil paske manm nou yo pral elijib pou resevwa vaksen yo. Plis pase 25% nan manm nou yo te enfekte pa COVID-19 la, epi, trajikman, kat nan yo te mouri. Nou apresye mezi gouvènè a anpil".

Nouyòkè ki elijib yo ap kapab pran randevou nan sit vaksinasyon Eta a lè yo itilize sit entènèt '[Am I Eligible](#)' (Èske Mwen Elijib) New York la oswa lè yo rele Liy Dirèk Vaksinasyon COVID-19 eta a nan 1-833-NYS-4-VAX (1-833-697-4829).

New York ap kenbe ak elaji yon rezo distribisyon vaksen ki vas. Nan dat 8 mas, Gouvènè Cuomo te anonse ke kòm apwovizyonman vaksen federal la kontinye ap ogmante, [New York ak etabli 10 sit vaksinasyon an mas ke eta a jere](#) nan Vil New York, Long Island, Hudson Valley, Kapital, Southern Tier, Mohawk Valley: ak rejyon Lwès New York yo pou ogmante vas rezo distibisyon New York la pi plis. Sit yo rete nan devlopman e yo prevwa lanse yo nan semèn k ap vini yo. Detay final, ki enkli enfòmasyon pou pwograme randevou ak lè operasyon yo ap pibliye nan jou k ap vini yo.

New York pa sèlman te etabli 13 sit vaksinasyon an mas eta a jere, men pou reponn ak dekrè Gouvènè a pou asire distribisyon vaksen san pati pri epi nan fason ki egal, anpil lòt sit te etabli pou asire ke Nouyòkè sa yo k ap viv nan kominote ki defavorize yo gen aksè dirèk nan vaksen an. Sa enkli sis sit vaksinasyon kominotè eta-FEMA reyini an, sit vaksinasyon an mas Yankee Stadium lan, ak plis pase 120 sit kominotè tanporè nan devlopman lojman piblik, legliz ak sant kominotè yo.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)